

**Ikinyamakuru
ca Eklezia
Gatolika
Umwaka wa 71
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
In 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. WhatsApp 71532337 N°811 15 Ntwarante 2024

Tujane n'umukenyenzi mw'iterambere, dushimikiye ku kugwiza umwimbu



Abo ni bamwe mu bakenyenzi n'abagabo basumbijwe abandi mu gukora ibikorwa vy'iterambere, uwo musu bararonkejwe ubushimwe

Uko umwaka utashe, igenekerezo rya 8 Ntwarante, Uburundi buri-fatanya n'amakungu mw'ihimbazwa ry'umusi mukuru wahariwe agateka k'umukenyenzi.

Hano mu Burundi ku rwego rw'igihugu, uwo musu mukuru wahimbazwa mu ntara ya Gitega ku kibuga c'umupira w'amaguru c'itiriwe Ingoma.

Ivyo birori vyatanguye isaha zine zo mu gitondo

Soma ku Rup. 6

Kaminuza y'i Ngozi yaraye yuguruye ishami ryayo mu gisagara ca Bujumbura

Abakozi ba Ndongozi
Uwujwe uruganda:
* **A. Noël NTIRANDEKURA**
Abamenyeshamakuru:
* **A. Noël NTIRANDEKURA**
* **Mélance NDAYIKEZE**
* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**
Uwujwe ubuhinga:
* **Chanel HARINGANJI**
Umunyamabanga:
* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**
Umunyabigega:
* **MSV Nadine HARAGIRIMANA**
Uwujwe imigenderanire:
* **J. de Dieu NDIKUMANA**

Foto: Mélance Ndayikeze



Soma ku Rup. 5

Ibirimwo

o Kaminuza y'i Ngozi yaraye yuguruye ishami ryayo mu gisagara ca Bujumbura4
o Ntuturambirwe n'ugukora iciza7

o Ukudahana abakora amabi afatiye ku gitsina vyoba bigira inkurikizi abayakorewe?.....9
o Uruhara rw'umukenyenzi mw'iterambere ry'igihugu.....10

Idominika ya gatatu y'Ikarema: Umwaka B

Igisomwa ca mbere: Yeremiya 31, 31-34

Ivyo dusoma mu gitabu c'Umuhanuzi Yeremiya:

«Nzoshinga isezerano rishasha kandi sinzoba nci-buka igicumuro cabo!»

Ng'iri iriyazwe n'Umukama: «Hagiye kuza imisi nzogiranira isezerano rishasha n'umuryango w'Israyeli n'uwa Yuda. Iryo sezerano ntirizosa n'iryo nagize hamwe na ba sokuru babo wa musu nabafata ukuboko kugira ngo ndabakure mu gihugu ca Misiri. Iryo sezerano ryanje ni bo batarikurikije, n'aho ari je mbagaba.

Ng'iri isezerano nzogiriranira n'inzu ya Israyeli iyo misi irangiye: - ni iryavumerewe n'Umukama. Nzo-bashiramwo itegeko ryanje, ndaryandike mu mutima wabo. Nzoheza rero mbe Imana yabo, na bo babe igihugu canje.

Ntibazoba bacirirwa barigishanya babwirana ngo: «Menya ubuhinga bw'Umukama!» Bazomenya bose kuva ku bato gushika ku bakuru ko ari Umukama yabitangaje: kuko nza kubarekurira ubuyobe bwabo, nongere simbe ncibuka igicumuro cabo.»

Igisomwa ca kabiri: Abahebereyi 5,7-9

Ivyo dusoma mw'Ikete ryandikiwe Abahebereyi:

«Ubugamburutsi bwiwe bwabaye isoko ry'ubukiriro budahera»

Kristu, mu gihe yari akiri kw'isi, amaze guhereza ibisabisho n'amarira menshi, ataka atakambira Uwashobora kumukiza urupfu, yarumviwe kubera ubweranda bwiwe.

Vyongeye, n'aho yari Umwana w'Imana, kubera ayo makuba, yamenyeyeho kugamburuka. Amaze gushika mu bigero, yarabereye abamwumvira bose isoko ry'ubukiriro budahera.

Inkuru nziza : Yohani 12,20-33

Ijambo ryawe ni ukuri, Mukama, itegeko ryawe na ryo ni ubukiriro.

Umukama yavuze ati: «Uwushaka kunkorera n'ankurikire; bitayeko, aho ndi ni ho n'uwunkorera azoba.»

Ijambo ryawe ni ukuri, Mukama, itegeko ryawe na ryo ni ubukiriro.

Ivyo dusoma mu Inkuru nziza ya Yezu Kristu nk'uko yashikirijwe na Yohani :

«Urutete rw'ingano rugwa mw'ivu ngo rupfe, ni ho rwama vyinshi»

Mu bari baduze i Yeruzalemu gusenga ku misi mikuru, harimwo Abagereki bamwe. Begera Pilipo yari Umunyabetsayida mu Bugalile, bamubwira bati: «Mugenzi, turashobora kubona Yezu?»

Filipo aragenda kubibwira Andrey, hanyuma Andrey na Filipo bagenda kubibwira Yezu. Yezu arabishura ati: «Isaha yageze, aho Umwana w'umuntu aza kuninahazwa. Ni ukuri ni ukuri ndabibabwiye: urutete rw'ingano rutaguye mw'ivu ngo rupfe, ruguma ari rwa rundi, na ho iyo rupfuye rwama vyinshi.

Uwukunda ubuzima bwiwe aba abutaye, na we uwubwanka kuri iyi si, aba abuzigamiye ubuzima budahera. Uwushaka kunkorera n'ankurikire; bitayeko aho ndi, ni ho n'uwunkorera azoba. Uwunkorera, Dawe azomutera iteka. Ubu, umutima wanje urahugumbwa; mvuge ngw'iki? Nti: «Dawe, nkiza iki gihe», kandi ari co gituma ndagishikiriye! Dawe, ninahaza izina ryawe!»

Haza rero ijwi mw'ijuru riti: «Nararininahaje, mberere nzokwongera kurininahaza.» Igihugu cari aho kivyumvise, giti: «Ni umuturagaro!» Abandi bati: «Ni umumarayika amuyagiye!»

Yezu arabishura ati: «Iryo jwi mwumvise ntiryagenewe jewe, ryagenewe mwebwe. Ubu, iyi si niho iciriwe urubanza; ubu niho umwami w'iyi si aza gutabwa hanze. Nanje ninamara kumanikwa, abantu bose nzobiyegereza.» Ivyo yabivuga ngo arange uruzomwica.

Tuzirikane Ijambo ry'Imana

«Mugenzi turashobora kubona Yezu?»

Muvandimwe, Ijambo ry'Imana twagiye turazirikana muri iki gihe c'Ikarema ryagiye riradukubura, n'ubu rikiriko. Iry'uyu musi ritwibutsa ingene Imana yunze isezzerano natwe, n'ico iryo sezerano risigura kuri twebwe.

Mu gisomwa ca mbere, twumvise Imana ituyagira iti: «Nzogiranira isezzerano rishasha n'umuryango wa Israyeli n'uwa Yuda.»

Twumvise ko Imana izogiriranira isezzerano rishasha, ni ukuvuga ko hari irya mbere ryabaye. Iryo na ryo ryabereye ku musozi wa Sinayi, aho Imana iciye ku musavyi wayo Musa yahereje bene Israyeli bari bahejeje gukura ubuja bwa Misiri amategeko bategerezwa kugendera, maze iyo Mana na Yo ikiyemeza kubaba hafi.

Abazi ivy'amasezerano barazi ko yama aba hagiye y'abantu babiri canke imigwi ibiri, umwe wese akagira ico yiyemeza, kandi akarahira kutazokirengako. N'aya masezerano ni ko yari ameze.

Aya masezerano turumva ko harimwo agahaze, kuko nk'uko abarundi bakunze kubivuga, Imana iraguha ntimugura. Uruhande rw'abantu vyarashoboka ko bayonana. Kandi ni na ko vyahavuye bigenda.

Aba bene Israëli, kumbure atari bese, ariko igice kinini c'abari imbere y'abandi, bariyobagije

ya mabwirizwa, bituma ca gihugu ciza bahawe n'Imana bagikurwamwo, bajanwa nk'imbohe i Babiloni. Baba bononeye n'abagerageza. Twaravyumvise mu gisomwa ca mbere kuw'Imana uheze.

Aya masezerano kandi yari yanditse ku bisate bibiri vy'amabuye, kandi wumvirije neza iki gisomwa, urumva ko ari yo mvo n'imvano yatumye aya masezerano adakurikizwa. Bene Israëli bayabona ku bisate vy'amabuye, ntibayabona mu mitima yabo.

Noneho rero turumvise ko Imana igiye kugiriranira na bo irindi Sezerano, isezzerano rizoba ryanditse mu mutima wa buri muntu, rikazoba ryega abantu bese, ariko umw'umwe ku giti ciwe. Mu migendo y'Abayahudi igomba gusa n'iy'iwacu umutima ni wo bwenge, ni wo muntu. Umuntu yapfuye umutima aba ata muntu arimwo. Ni ukuvuga ko iryo sezerano rishasha ritazoba ari amabwirizwa gusa, ahubwo rizoba ryerekeye imigenderanire y'umuntu n'Imana. Ikindi muri aya masezerano harimwo akabirya: ikigongwe c'Imana ni co kizoherekeza aya masezerano.

Aya masezerano uwaje kuyashikana ni Yezu Kristu, Umwana w'Imana Nzima. Twama tubisubiramwo igihe cose duhereza inkuka ya Misa, tugeze kuguhereza umuvinyu: ni amaraso ya Yezu, akaba ay'isezerano rishasha kandi rizokwamahaho, aza guseswa ku bwacu ngo adukize ibicuro.

Uyu Yezu ni We yaje arondera umuntu umw'umwe kuko ari n'agaciro mu maso ya Mana Data. Ni We twumvise batubwira mu gisomwa ca kabiriko ngo yabereye abamwumvira bese isoko ry'ubukiriro budahera.

Kukaba nka ko, n'aho aya masezerano aza ari kirumara kuri twebwe, Imana ntiyadutera twiruka. Hategerezwa kubamwo ugushaka kwa muntu. Ukwo gushaka na kwo ni nk'ibi twumvise mu Nkuru Nziza ku bantu b'Abagreki, aho begereye Filipino na Andreyo, maze bakabatura icipfuzo co kubona Yezu. Barabona ko baramutse baje i Yeruzalemu batogenda batabonye Yezu. Kandi si kuri bo gusa, no kuri Yezu, isaha yageze aho yiyereka abantu bese. Ya saha itari bwagere i Kana mu Bugalile (Yoh.2,4), ya saha yariko iregereza igihe bahura n'umunyasamariyaka zi kw'iriba rya Yakobo (Yoh.4,21), ngiyi irashitse.

Ni isaha y'aho Yezu azobambwa ku Musalaba, agapfa, agahambwa, akizura mu bapfuye, akongera akurira mw'ijuru kugira ngo yiyegereze abantu bese, kuko azoba yashizwe hejuru habona, nka rya tara yatubwira ridomekwa rigashirwa ahakirurutse (Mat.5,15).

Iki gihe rero ni ho yiyereka akongera akiyegereze abantu bese, kugira ngo agire isezzerano rishasha kandi rizokwamahaho na Yuda na Israyeli, n'abagreki, na jewe, nawe, eka n'abantu bese.

Uwumaze kubona Yezu, akagira isezzerano na we, ategerezwa kuba uwumwereka Abagreki. Uwunze isezzerano n'Imana Rudasumbwa, ha ruhande yo kwishimikiza ca kigongwe c'Imana kiguma kidutosora, ategerezwa kuba nka Andreyo na Filipino, uwo ishi iguma ibaza iti: «Mugenzi, turashobora kubona Yezu?»

Inyishu y'iki kibazo ntiri mu gutunga urutoko, ngo: «nguriya aho ari!» Iri mu ko tubayeho. Uko twigenza bizokwereka Yezu abataramumenya. Kuko hari abegera Yezu, canke mbere bama bamubonye, ariko bagaca baba nk'ururhome ruzibira abandi, ntibashobore kubona Yezu. Barabitubwira mu Nkuru Nziza ya Mariko, aho abantu baje kwumviriza Yezu, ariko abandi bazanye umuntu amugaye bakabura aho bamucisha kubera abo bantu, gushika n'aho babanza gusambura igisenge c'inzu kugira bashobore kumushikana imbere ya Yezu (Mariko 2,4).

Kugira ngo dushobore kuba aberekana Yezu, impanuro ni za zindi dushikirizwa na Paulo Mweranda: Kwama dukabura ingabirano twaronse igihe twubikwako ibiganza (Tim.1,6). Ico gihe ni ho Imana yashira muri twebwe rya tegeko ryayo ry'urukundo, rubwirizwa kuturangira bese ko turi abayo.

None rero, ntitwanjanywe kuri iyo ngabirano. Mbere ni na co twosaba kuri iyi dominika.

Patiri Noël Ntirandekura

Kaminuza y'i Ngozi yaraye yuguruye ishami ryayo mu gisagara ca Bujumbura

Ku wa 7 Ntwarante 2024, inyubakwa nshasha z'ishami rya kaminuza y'i Ngozi zarinjiwe icese ku musozi Uwinterekwa muri Zone Gihosha kominde Ntahangwa.

Ibirori vyatangujwe n'inkuka ya misa yari ironkomeye na Musenyeri Antoine Pierre Madaraga aserukira imbere y'amategeko Kaminuza y'i Ngozi.



Nk'uko Musenyeri Madaraga abivuga, ngo icyo cyumviro kidasanzwe cuzuye ubwenge n'ubwitonzi, cavuye mu mutima w'urukundo w'abarundi barota ineza ya benewabo, kiraheza kiriyumvirwako umwana munini, hanyuma kirashirwa mu ngiro mu mwaka 1999.

Ati: «Icyo gikorwa nticari



Musenyeri Antoine Pierre Madaraga ariko ahezagira inyubakwa nshasha za Kaminuza y'i Ngozi i Bujumbura aherekwe n'abasaserodoti n'abandi ba kristu.

gisanzwe namba kuko ntaho vyari bwakaboneke mu Burundi aho abanyeshure ba kaminuza biga birihira abigisha babo bongera bimenya mu kubaho kwabo. Cari igikorwa kigoye cane».

Intango yama igoye

Kaminuza y'i Ngozi yavutse kubera ubutwari budasanzwe bw'abemeye baragamurukira Mutima Mweranda.

Iyo kaminuza ngo yubatswe kw'i deni, ibikoresho bitari bike bigurwa kw'i deni, iriyubakwa bukebuke ihereye ku gisata c'ubuganga, mu nyuma irongeramwo n'ibindi bisata.

Inyubakwa zo Kuwinterekwa ngo zubatswe ata deni na ritoya rigiyemwo. Uburyo bwose hamwe n'ibikoresho ngo ni umusaruro wavuye mu kwitanga kw'abatanguye iyo kaminuza i Ngozi hamwe n'umwete n'ubwira bw'abahakora. Ngo izo nyubakwa zije gusahiriza cane abanyeshure bahora barin-



Patiri Apollinaire Bangayimbaga, Umuyobozi wa kaminuza y'i Ngozi muri kino gihe,

da kuduga i Ngozi kwiga mu gisata c'ubuganga hamwe n'ibindi.

Hambavu y'izo nyubakwa zo mu gisagara ca Bujumbura, ngo abarongoye izindi ntara baramaze gusaba ko iyo kaminuza yoshingamashami yayo i wabo. Aha twovugaga nka buramatari w'intara ya Kayanza, kandi uwo mugambi ngo uzoranguka vuba. Inyuma ya kayanza ngo hashobora gukurikira intara ya Kirundo, n'ahandi.

Musenyeri Antoine Madaraga, arakengurukira rwose abagize icyo cyumviro yongera anabakaza. Muri abo, uwari kw'isonga yari Musenyeri Stanislas Kaburungu.

Kubera ubwira bw'uwo Musenyeri, mu gihe umugambi wo gushinga kaminuza wari wamaze kwemerwa, abakristu b'abakatolika bo muri Diyoseze ya Ngozi ngo barasabwe guterera icyo

cyumviro mu gutanga amafanga yiswe «Intererano y'ubumenyi».

Patiri Lambert Riyazimana umuyobozi w'ivyigwira kuri icyo kaminuza avugaga ati: «Naho mu 1999 igihe icyo kaminuza itanguraga nari nkiri muto, ndibukako icyo ntererano y'ubumenyi abavyeyi banje barayitanzwe batazi ivy'ari vyo none ubu jwe umwana wabo ndiko ndinovora ivyamwa vyavuye muri icyo ntererano».

Kaminuza imaze guhisha kuri vyinshi

Naho mwumva kaminuza y'i Ngozi yatanguye bitayoroheye, yagumye itera imbere uko umwaka utashe.

Iyo kaminuza yatanguye itariki 17 Ndamukiza 1999 yemererwa icese n'inzego zibijewe itariki 7 Rusama 1999. Ubwo nyene ibikorwa biba bi-

Kaminuza y'i Ngozi yaraye yuguruye ishami ryayo mu gisagara ca Bujumbura

ratanguye. Kaminuza y'i Ngozi yatanguranye igisata c'Ubuganga (Médecine) ari naco ubu gikwije imyaka 25 co kimwe na Kaminuza nyene. Hariyongeyeko ibisata bitandukanye nk'igisata c'ubuhinga bwa none (Informatique), igisata c'uburimi, igisata c'amategeko, ivyigwa vy'ubutunzi no gutunganya intwaro, n'ibindi.

Muganga Agapit Uwamahoro ni umwe mubatanguye kwiga mu gisata c'ubuganga iyo kaminuza ic'ugurura.

Aremeza ko iyo kaminuza yaciye mu bihe bidasanze, ariko ko Imana yayizigamye. Ashimira abagize ico cyumviro, abagiye barayikorako cane cane abigisha. Ubumenyi yaharonse bumutuma arangura imirimo yiwe neza mu bitaro Kira Hospital.

Hagiye gutanguzwa ikigo (Fondation) citiriwe Musenyeri Kaburungu

Mu ntumbero yo guha iteka n'icubahiro Musenyeri Stanislas Kaburungu yatanguje iyo kaminuza, ngo hagiye kwubakwa ikigo kimwitiriwe: *Fondation Monseigneur Kaburungu*.

Nk'uko vyashikirijwe ice-se uwo musu bigashimangirwa na Patiri Patiri Appolinaire Bangayimbaga arongoye iyo kaminuza muri kino gihe, ngo ico kigo kizoba gifise intumbero nyamukuru yo gufasha abanyeshu-

re ba nyarucari baheza amashure yisumbuye ariko ntibarokye ingene bashobora kubandanya ivyirwa vya kaminuza kubera ubukene.

Ico kigo ngo kizoba gitandukanye na kaminuza, gifise uburongozi bwaco kandi gifise n'amategeko akigenga. Uruhara rw'iyi kaminuza ngo ni gutanguzwa uwo mugambi. Ibisigaye bizobandanya abandi.

Ni muri iyo ntumbero ishikanwa ryo mu nkuka ya misa ryabonetse uwo musu ryaciye rifatwa nk'umushinge wa mbere, nk'intango y'uko uwo mugambi utanguye icese.

Ntavyama vyera de!

François Havyarimana, Umushikiranganje w'indero, inyigisho za Kaminuza n'ubushakashatsi yari yataye iteka ivyo birori, yarakengurukiye cane abarongoye iyo kaminuza ku mwete n'ubwira bagiye baragira naho ivyabagoye bitabuze.

Yabasavye gutera baja imbere, cane cane ngo bame bashize ku mutima ivyo basabwe gukora n'umurwi w'igihugu hamwe n'umurwi wo mu karere k'ibihugu vya Afrika yo mu buseruko ku bijanye no kuduza kaminuza ku rugero rusumba urwo iriko uyu musu.

Ivyo navyo nkuko Patiri Appolinaire abivuga, ngo



Foto: Mélanche Ndayikeze

François Havyarimana Umushikiranganje w'indero, inyigisho za kaminuza n'ubushakashatsi

bijanye cane cane n'abigisha bahakora hamwe n'ibikoresho bisabwa mu bushakashatsi (laboratoire). Abigisha ba kaminuza bategerezwa kuba bafise impapuro zo kurwego rwo hejuru zemeza ko ivyo bigisha babifite ubumenye koko.

Ibikoresho vy'ubushakashatsi navyo nyene (laboratoire) ngo bitegerezwa kuba ari ibikoresho bigezweho kugira ngo ubushakashatsi buba buriko burakorwa bushobore kwizerwa.

Patiri Appolinaire Bangayimbaga avuga ko ataco batariko barakora kugira ngo Kaminuza y'i Ngozi ije ku rugero rwo hejuru cane. Aho twovuga nk'amasezerano yo gufashanya hagati ya Kaminuza y'i Ngozi hamwe n'ibitaro vy'abasoda mu Kamenge, ama-

sezerano hagati y'iyi kaminuza hamwe na kaminuza y'i Mbalala mu gihugu c'Ubuganda n'ibindi.

Ayo masezerano yose, ngo afatiye cane cane mu guhana abigisha hamwe no kuganira ku bindi vyose vyoteza imbere iyo kaminuza.

Ibitaro vy'abasoda mu kamenge vyakoranye na kaminuza y'i Ngozi kuva kera. Na Muganga Marc Nimburanira yarabishingiye intahe. Ivyo bitaro, ngo nivyo vya mbere vyakira abanyeshu mu gice co kwimenyereza. Abagiye barahaca bese barungitswe na Kaminuza y'i Ngozi, ngo bamye baronka amanota meza cane kandi bakarangwa n'ubwenge n'ubukerebutsi budasanze mu bikorwa baba bajejwe.

Mélanche Ndayikeze

Tujane n'umukenyezi mw'iterambere, dushimikiye ku kugwiza umwimbu

(Bitangurira ku rup.1)

bitanguwen'idefiley'abakenyezi bahurikiye mu mashirahamwe atandukanye, haca hakurikira idefile y'imiyabaga y'abigeme hamwe n'abakenyezi bari mu gisilikare n'igipolisi vy'Uburundi.

Mw'ijambo ry'ikaze rya buramatari w'intara ya Gitega, yaragaragaje ubukengurutsi kubona uwo musu mukuru bahisemwo kuwuhimbariza aho muri iyo ntara, aca aboneraho no kubamenyesha ko muri iyo ntara hari umwigeme yitwa Odetta NSENGIYUMVA asigaye ari bitumwako mu gusiganwa ku makinga muri kano karere ka Afrika y'ubuseruko, ubu akaba afise ikibanza ca 4.

Umushingamateka Emlance BUCUMI arongoye ihuriro ry'abakenyezi mu Burundi, arashimishwa n'ingene leta y'Uburundi yafashe ingingo zitari nke zashimishije abakenyezi. Izo nazo ni nko kwongereza ibitigiri mu nzego zifata ingingo mu gihugu, hamwe no kuba bararonse Umuhuza w'Aburundi w'umukenyezi n'abandi.

Yarakengurutse kandi kubona harashinzweho ibanki y'abakenyezi mu ntumbero yo kubaronsa ingurane ku nyungu itavuna kugira bashobore kwiteza imbere. Agasaba umukuru w'igihugu ko yobafasha kugira ibanki y'igihugu BRB irabe ukuntu udushirahamwe dutoduto tw'abakenyezi birimizi bafise amikoro make twokongera guko-



ra ku mugaragaro. Ariko ikibateye amakenga, n'ihohoterwa ry'abakenyezi hamwe n'abana b'abigeme riguma ryisubiriza, ivyo bigatuma haba ingaruka mbi mw'iterambere ry'ingo hamwe no mu gihugu. Agasaba ubutungane, abajejwe intwari n'umutekano kugira ubumwe bw'intamenwa kugira batuze ayo mabi afatiye ku gitsina.

Umukuru w'igihugu Evaresto NDAYISHIMIYE, mw'ijambo nyamukuru ry'uwo musu, yarashikirije ashimitse impanuro zitari nke abakenyezi ndetse n'abagobo kubijanye n'ingene bokwigenza mu ntumbero yo kwubahirizanya mu mateka yabo, hamwe n'indero ibereye mu rwaruka ari rwo Burundi bw'ejo yishimikije akaranga k'Aburundi b'aho hambere.

Agahamagarira aburundi gukura amaboko mu mpuzu bakore biteze imbere. Nayo abishinga gusabiriza ubuzi gusa badashobora gukora

imigambi yo kwiteza imbere, arabakurira inkoni ku gishitsi ko ata ntambwe n'imwe bazigera batera bakiri muri ivyo vyiyumviro. Ahamagarira indongozi kudakumira abakenyezi mu bikorwa vy'iterambere kuko nibo benshi vyongeye kandi nibo nkerebutsi kugira bashobore gutunga imiryango.

Yaboneyeho gukeza abakenyezi, kuko muri bo harimwo abakenyezi b'intwari bateje imbere ibanki yabo ifise icicaro mu ntara ya Gitega, ikaba yaraye ivyaye ishami ryayo mu gisagara ca Bujumbura. Yarakeje kandi ababikira bene Tereza bubatse i Hoteli y'akarorero (Martego Hotel), mbere ishobora kuba ari iya mbere muri iyo ntara ya Gitega, agasaba n'abandi bihebeyimana kubafatirako akarorero.

Avuga kandi ko bitari bikwiye ko uwo musu mukuru uba uwo kunezera gusa, ahubwo warukwiye kuba uwo kwirimburira. Agasaba

abakenyezi ko mu mwaka uza imbere yo guhimbaza umusi mukuru nk'uwo ko hobanza kuba ukwisuzuma kugira barabe ko hari intambwe bateye bafatiye ku civugo c'uwo mwaka.

Ivyo birori vy'uwo musu rero vyari vyatewe iteka n'umukuru w'igihugu ari kumwe n'umutambukanyi wiwe, Umushikiran-ganji wa mbere hamwe n'abandi banyacubahiro batandukanye tutibagiye n'abakenyezi indiri bari baje bava mu ntara zitandukanye zigize igihugu c'Uburundi. Uwo musu mukuru ukaba wahimbajwe ku civugo ngo : "Tujane n'umukenyezi mw'iterambere, dushimikiye ku kurwiza umwimbu".

Aho twagiye ikinyamakuru Ndongozo cagiye kiraca mu bisagara vya Gitega, Muramvya na Bujumbura mu bibanza vy'ubwidagaduro, ihimbazwa ry'uwo musu mukuru, ryaranzwe n'umunezero udasanze kubakenyezi, bihereza bongera biyongera akandi n'agashitwa kuruhande, akaziki gakurwa n'akandi. Ibice 80% vy'abari muri ivyo bibanza, bakaba bari abakenyezi.

Tubamenyeshe ko uwo musu mukuru mpuzamakungu wahariwe agateka k'umukenyezi, washizweho n'inama nku-ru y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU, hari mu mwaka w'1977.

Chanel HARINGANJI

Umukenyenzi w'umumenyeshamakuru ni inkingi y'iterambere ry'abandi bakenyezi

Kw'igenekerezo rya 8 ntwarante, uko umwaka utashe, harahimbazwa umunsi mpuzamakungu wahariwe guharanira agateka k'abakenyezi.

Ni muri icyo ntumbero ishirahamwe AFJO rihurikiyemwo abakenyezi b'ababamenyeshamakuru ryatunganiye inama ngo barabire hamwe intambwe abakenyezi b'ababamenyeshamakuru bageze mu guterera mw'iterambere ry'igihugu c'Uburundi.

Umupfasoni Francine Ndiwokubwayo arongoye AFJO avuga ko mw'ishirahamwe rihurikiyemwo abakenyezi bakora umwuga wo kumenyeshama amakuru biyemeje guteza imbere umukenyenzi babicishije babicishije mu bikorwa vyabo vya misi yose. Avuga ti: Intererano yacu ni kumenyeshama amakuru mu buhinga bwose dusanzwe dukoresha».

Arongera ati: «Muri kuno kwezi kwa gatatu, ni ngombwa ko dukora ibiganiro bivugaga umukenyenzi».

Nk'uko umwuga wo kumenyeshama amakuru usanzwe wubatse, ngo igikorwa cabo gihagaze mu kwiyumvira no gutora ibintu bitandukanye bokorerako birababakenyezi. Ati: «Ni nkokwiyumvira tuti icyo hatagurwa imigambi y'ibikorwa vy'iterambere, umukenyenzi n'umwigeme baryumvira?»

Birakenewe ko ibikorwa biteguwe icyo kirinda gufatirwa?

Umukenyenzi Francine Ndiwokubwayo avuga ko ari ngombwa cane ngo icyo gifatirweko. Atanga akarorero k'inama y'akazi yateguwe kuzobera kure y'ahahora habera akazi ka misi yose, nk'inama zisaba gufata ingendo kandi bazomara imisi myinshi nk'indwi imwe no kuduga. Iyo mubazokwitaba icyo nama hari mwo umukenyenzi afise umwana akiri muto, ngo biragora cane uwo mukenyenzi guhitamwo akazi n'umuryango kuko kenshi usanga batamwiyumviriyeko.

Uwo aserukira imbere y'amategekako ishirahamwe ry'abakenyezi b'ababamenyeshamakuru ati: «Hari aho biba biri ngombwa ko agenda ajanye uwo mwana, akitwaza n'umurezi. Iyo rero bitari muvuyo biyumviriyeko ngo babitegekanye, ivyo bica biba umuzigo kuri uwo muvuyeyi. Aha twovugaga nk'uburaro bw'uwo murezi, ingene azomufungurira, ingene uwo mwana azofungurirwa nimba hari icyo abakeneye bigenewe we wenyene, n'ibindi.»

Mu makuru abakenyezi b'ababamenyeshamakuru bakora, ngo barabazaga bagashyamba kure, bakarabazaga ko utwo tugorane umukenyenzi aba yisangije ko twategakanyije mu bikorwa vyabo. Mu biganirwa bakora rero,



Umupfasoni Francine Ndiwokubwayo arongoye AFJO ishirahamwe rihurikiyemwo abakenyezi b'ababamenyeshamakuru

ngo baba bashakaga kuguruka cane mu tuntu nk'utwo, aho berekana ko umukenyenzi afise intererano atanga mu gihugu, mu kibano n'ahandi, ariko kandi ko hari n'ibimuraba ku rugezo yisangije bitegerezwa gufatirwako ku neza y'awe, icy'umuryango n'icy'igihugu.

Intambwe umukenyenzi ageze ku irashimishije

Ku kijanyeho n'aho umukenyenzi ageze mu guharanira agateka k'awe mu bimuraba, Francine aremeza ko intambwe umukenyenzi w'umurundikazi amaze kugerako mu kwitwararikiye ishimishije afatiye aho vyari biri imbere y'uko abakenyezi batangura kwubahuka kuja ahabona bagashyamba akababakiye.

Afatira ku bintu bitobite biboneka ningoga. Ubu umukenyenzi ngo arata-

hura ashoboye, ko afise iteka mu murungu no mu kibano. Ati: «Twakuzetwe twikengera, batubwirako ataco dushoboye, ariko uno musu siko bikiri. Hari abakenyezi bageze kure mu bikorwa no mu bisata bitandukanye. Abakenyezi batari bake bari mu bibanza bifata ingingo mu nzego z'igihugu no mu mashirahamwe atandukanye.»

Ariko akongera ati: «Naho biri uko, ntitwovugaga ko ataco tugisaba. Ivyo guharanira biracariho, ari naco gituma tuguma twihatira gusesangura utwo twose umukenyenzi agikeneye kugira icyo agire iteka n'itekane mu buzima bwiwe bwose, haba mu gihugu, mu kibano no mu kazi kiwe ka misi yose».

Isuku ni karahara mu ruganda ntibacura

Gukaraba amazi meza n'isabuni ni bwo buryo nyabwo bwo kurwanya indwara ziterwa n'imicrobe. Bishikirizwa na Muganga Jean Marius Ndavyengenge, umuyobozi ajejwe guteza imbere amagara y'abantu, isuku n'isukura mu kibano mu bushikiran-ganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kurwanya SIDA.

Hari mu ruganda rw'abamenyeshamakuru rwatunganyijwe n'ico gisata ku wa 04 Ntwarantwe 2024 mu ntumbero yo guhimiriza abantu kwijukira gukaraba amazi meza n'isabuni mu kurwanya indwara ziterwa n'imicaifu. Muganga Marius amenyeshako gukaraba mu ntoke n'isabuni ari kimwe mu bikoresho nyamukuru bifasha umuntu gushira mu ngiro ibijanye n'isuku.

Ni ryari bikenewe gukaraba?

Abobahinga muvuy'isuku, bavuga ko umuntu akeneye gukaraba kenshi gashoboka. Ibintu vyose dukorako ngo bidusigako imigera ishobora kudutera indwara ku mwanya ku mwanya. Gukaraba rero si igikorwa c'abanyarucari canke abantu bakora mu micaifu.

Muganga Marius yatanze akarorero kubakora mu biro. Ubucafu bwinshi cane ngo buguma buyerera ku meza, ku gakoresho k'imashini nyabwonko bita akabeba (souris), ku ndome zidufasha kwandika mu mashine n'ibindi. Aho

dukoze hose ngo haba hari imicaifu.

N'ubwo biri uko, amabwirizwa y'isuku ngo araturwira ibiringo bikuru bikuru umuntu atokwigerera yirengagiza gukaraba neza n'amazi meza n'isabuni. Ni nk'imbere yo gufungura, umuntu avuye mu kazu ka sugumwe, imbere yo gutegura ibifungurwa, imbere yo kwonsa umwana ku bakonyezi, inyuma yo gutegura umwana canke abagenda ubumuga, inyuma y'igikorwa ic'arico cose, ushitse muhira uvuye ku mirimo imbere yuko uramukanya n'abari muhira.

Muganga Marius ati: «Ibitari bike muri ivyo bintu ntibigoye namba. ahubwo bisaba guhindura ingendo.»

Ivyo biheretse no kwitwararika guca inza, gukura ibintu wambaye kukuboko nk'amasaha, impeta n'ibindi imbere yo gukaraba, kuraba neza ko ukaravye amazi meza n'isabuni.

Gukaraba si gucishako

Muganga Jean Marius, Umuyobozi ajejwe guteza imbere amagara y'abantu, isuku n'isukura mu kibano, aranegura cane ingendo y'abantu mu gukaraba imengo ni ukwukurayo.

Agira ati: «Uwukaraba neza yomaze nimuburiburi umunota wose ariko arakabara. Ariko n'uwutomara uwo mu-

nota, ni vyiza cane kumara imisogonda 20 uriko uratagatisha isabuni mu biganza kugira ngo udukoko twose dutera indwara dupfe.» Uwutabigize gurtyo, ngo aba afashije utwo dukoko (microbes) kumererwa neza no gukwiragira henshi.

Mu gihe Abarundi dushi umugenzo mwiza wo kuramukanya duhana amaboka, ngo birakenewe cane ko tuigira n'uwo mugenzi mwiza wo wo gukaraba kenshi kugira ngo twirinde guhanahanaimikorobe iba iri mu biganza.

Gukaraba mu ntoke ntibikinga indwara ya korera

Mu gihe hari indwara zitandukanye zizwi nk'indwara ziterwa nimicaifu, Muganga Marius atanga umuco avuga ko gukaraba kenshi bidakinga indwara ya korera (Cholera mururimi rw'igifaransa.)

Muganga ati: «Gukaraba kenshi mu ntoke bifise akamaro ko kubuza iyo ndwara gukwiragira henshi. Bigabanya kuyihanahana».

Arongerera ati: «Hari indwara zimwe zimwe zigabanuka cane iyo uwo mugenzi wo gukaraba kenshi wagizwe ingendo kuri bose. Ni nk'indwara z'ihemero, indwara zo mu nda nko gucibwamwo amacinya n'izindi, indwara z'amaso, indwara ziturutse mu biva mu mahinguriro, n'izindi.

Urugero rwo gukaraba mu ntoke rungana gute mu Burundi?

Mu bushikiran-ganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kurwanya Sida nta biharuro bishasha bihari. Ariko, amatohoza yavuye mu cirwa cakozwe mu 2014, yerekana ko ibice 6% vy'abantu ari bo bafashe ihangiro ko gukaraba mu ntoke kenshi bategerezwa kubigira ingendo. Ivyo biharuro navyo ni bike cane.

Naho bishobora kuba vyarahindutse kuva mu mwaka wa 2020 aho hatereye umugera wa Covid 19, ntawokwiyumvira ko abarundi bose bamaze gufata uwo mugenzi nk'ingendo mu buzima bwabo.

Intambanyi zimwe zimwe

Muri kino gihe, ikena ry'amazi ni kimwe muvuy'abantu bitwaza kubijanye no gukaraba kenshi. Ariko kandi ngo ntawovuga ko ico gituma gifashe. Abarundi rero ngo bokumva ko gukaraba mu ntoke kenshi amazi meza n'isabuni ari igikorwa ngombwa cane ku neza y'abo, y'imiryango yabo hamwe n'igihugu cose.

Abavuga ko gukaraba mu ntoke vyogirwa itegeko cane cane mu bibanza rusangi, Muganga Jean Marius avuga ko iyo atariyo nzira nziza; Ahubwo kuvyumvisha abo biraba hatiriwe harajamwo ibihano, ngo nico kibereye gusumba.

Mélance Ndayikeze

Ukudahana abakora amabi afatiye ku gitsina vyoba bigira inkurikizi abayakorewe?

Nk'uko tubiyagirwa na Estella IYAKADUHAYE akorera mu kigo Seruka nk'uwujewe kwumviriza abakorewe ayo mabi bakunda kwitura ico kigo, avuga ko abakorewe amabi afatiye kugitsina bafise inkurikizi nyishi, kuko haruhande y'uko baba bicawe ubuzima bwa kazoza, birabononera ubwenge kuko muri bo baguma babona irya sinema y'ivya bashikiye.

Uwakorewe amabi afatiye ku gitsina arangwa n'iki?

Abakorewe ayo amabi barangwa no kwiyanka, kwikumira, kumva ko ataco amaze (Kwisuzugura), kubura itiro, kubura akayabagu, kurota nabi, kuba sindabibazwa, kutigirira isuku ku mubiri,...

Ayo mabi rero afatiye kugitsina, ntakorera abakenyezi n'abigemi gusa, Estella IYAKADUHAYE aremeza ko mu bitura ico kigo, ibice bitanu kw'ijana (5%) ari igitsina gabo. Bidasigira ko batitura ico kigo kubera badakorera amabi, ahubwo ari ugutinya ko hoba abokumva ko umugabo yakubiswe n'umugore.

Muri ico gihe, ngo umugabo aca abesha ko ari nk'imoto yamunaze agakomereka. Abenshi rero bigatuma batitura ibigo canke amashirahamwe abafasha. Ico gihe umugabo yashikiye n'ayo mabi yo gukubitwa canke gufatwa ku nguvu, arahaheza akumva ko ubushobozi bwiwe bwo kwitwa umugabo bwamuhezeko, akumva ko ataco amaze mu rugo kuko ata ngingo

asubira gufata mu rugo nk'umugabo. Muri icyi gihe, umugabo yahohotewe, agira ububabare burenze gusumba umukenyezi.

Mbega icyo umuntu yakorewe ayo mabi, afashwa gute?

1. Kubw'umubiri :

Iyo bigaragaye ko umuntu yafashwe ku nguvu, ikintu ca mbere cihutirwa n'uko uwakorewe ayo mabi aca yihutira kuja kwa mu ganga imbere y'amasaha 48, kugira akagirwe umugera wa SIDA hamwe n'izindi ndwara zandukira ziciye mu bihimba vy'iron-doka.

Iyo bishitse ayo masaha akamurengana kubera ukutamenya ko afise ubwo burenganzira bwo kwitura ikigo Seruka canke ayandi mashirahamwe yiyemeje kurwanya ihohoterwa rifatiye ku gitsina, canke bigashika amasaha akamurengana kubera atashoboye kumena iyo ivyo bigo gikorera, nahone asabwa kugenda kugira bamukingire izo ndwara zandukira ziciye mu bihimba vy'iron-doka hamwe n'imbanyi atifuza.

2. Kubw'umutima

Uwafashwe kunguvu inyuma yo kuva kwa muganga imbere y'amasaha 48, arahaheza akitura abarimesha bakorera muri ivyo bigo kugira bamwumvirize, bamuremeshe banamwereke ko aguma ari umuntu w'agaciro, bongere bamufashe kuraba ingene ubuntu bwiwe butotosekara kandi bamuremurure uwo mutwaro wo

kwama abona ko ibintu vyamushikiye umengo arabifisemwo uruhara.

3. Amategeko

Birakenerwa ko uwafashwe kunguvu yunganirwa mu bijanye n'amategeko kugira ejo ntagende yibaza ko wa muntu ahava yongera kumugirira nabi, kandi binamufashe kutaguma yibaza ko uwamufashe kunguvu ejo azohava agaruka canke ngo atume n'abandi bamugirire nabi. Araheza gahimbarwa no kumva ko naho yafashwe kunguvu ariko arababara kubw'umubiri no kubw'umutima, n'uwa mukoreye ayo mabi yabihaniwe.

None hoba hariho itegeko rihana abakora ayo mabi abishe?

Nk'uko bivugwa na Alphonsine BIGIRIMANA umushingwamanza, iryo tegeko rirwanya amabi afatiye kugitsina rirahari kuva mu mwaka wa 2016 kandi ririko riraha mu ngiro kuko riramaze guhindura ibitari bike, ariko rirakwiye gusubirwamwo kuko hari agahaze.

Imwe mu ntambanyi zihari n'uko hari bimwe mu bisata bitandukanye bitegekanijwe n'iryo tegeko vyiyemeje kurwanya ayo amabi afatiye kugitsina na bamwe mu bacamanza batazi iryo tegeko kandi batanarifise kandi batategerezwa kurimenya, ico kikaba ari kimwe mubituma ritaja mu ngiro nk'uko vyategerezwa, agasaba ko hoba ivyigwa vyerekana urugero rw'ishirwa mu ngiro y'iryo tegeko.

Iryo tegeko riciyumvirwa

gushirwaho, kimwe mu vyiyumviro bashihira imbere, kwari uko habamwo ikigabane c'ihariye ugushumbusha abakorewe ayo mabi afatiye ku gitsina, mu kubashiraho ikigega kibasahiriza mu buryo bakoresha iyo bariko barivuzza cane cane abasinzikaye canke mukuriha abashingwamanza ababuranira. Ico kigega rero coje kubunganira kuko abenshi muri bo baba batagira ubwo buryo bwose busabwa.

Ikindi bifuzwa muri iryo tegeko ko cokorwa, n'uko uwakorewe amabi icambere yifuzwa ari ugushumbusha ku mabi yakorewe, akenshi abayakora nabo baba batagira ubwo buryo, bagasaba Leta ko ariyo yo tanga icyo nshumbusho, hama uwo yakorewe ayo mabi amaze gufatwa agapfungwa agaca nawe ariha leta. Bikaboneka neza ko icyo kigabane hamwe n'ibindi bigabane bari bashizemwo, bitashizwe muri iryo tegeko. Ivyo bigaca bituma abakorewe amabi badasubira kwitura ubutungane kumvo nyishi zitandukanye.

Nk'uko umushingwamanza Alphonsine BIGIRIMANA abivugaga, iryo tegeko ryo mu 2016 naho rihari, ntiriyahariye kurwanya ayo mabi nk'uko bavyifuzwa kuko ingingo ziri muri iryo tegeko, zirahindurira amanomero bigatuma haba ukujuragirika. Agasaba ko hoba itegeko rimwe ryihariye kurwanya ayo amabi yose afatiye kugitsina mu ngingo zaryo zose, n'ayandi mategeko asanzwe ahari avuga kubijanye n'ivyo akimurirwa muri iryo tegeko.

Chanel HARINGANJI

Uruhara rw'umukenyenzi mw'iterambere ry'igihugu

Nk'uko tubishikirizwa n'umuhanuzi mu buyobozi bukuru bujewe iterambere ridakumira bw'Ubushikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira, mu kiganiro yagiraniye n'ikigo ca Reta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko, abakenyenzi b'abarundikazi barafise uruhara mw'iterambere ry'igihugu.

Uru ruhara ruribonekeza mu bisata bitandukanye bigize ubuzima bw'igihugu, nko mu burimyi n'ubworozi, mu gutsimbataza ubumwe mu miryango no mu kibano mu rudandazwa no mu bikorwa vy'imboneza.

I. Ingene uruhara rw'umukenyenzi rwi-serura

1. Mu kurwiza umwimbu mu burimyi n'ubworozi

Kubijanye no kurwiza umwimbu mu gisata c'uburimyi n'ubworozi, umuhanuzi mu buyobozi bukuru bujewe iterambere ridakumira bw'Ubushikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira yavuze ko abakenyenzi bitanga kugira ngo umwimbu urwire, kuko ni bo bagize ahanini abari muri ico gisata c'uburimyi n'ubworozi. Ntibahakana ko n'abagabo batabafasha, ariko kenshi baba bari kuronderera kure, ariko rero hariho n'abari

hafi y'abakenyenzi ariko bakaba bari kuronderera mu bindi bisata.

Muri ico gisata uwo muhanuzi avuga ko abakenyenzi bari ku kivi mu bikorwa vyo kurwiza umwimbu, aho ubasanga ku mitumba bari mu bikorwa vyo gutera imbuto, kubagara, gupompa mu ntumbero yo kurwanya udukoko tubangamira ibiterwa eka mbere no mu bikorwa vyo gusoroma iyo mirima mu gihe yeze.

Uyu mwimbu rero ni wo uheza ukagaburira umuryango, umusesekara ugashorwa mw'isoko, umuryango ukikenura, n'igihugu kigatera imbere kuko uyo mwimbu ushowe uratanga amata-gisi aheza akaja mw'irangurwa ry'imigambi itandukanye y'igihugu.

2. Mu gutsimbataza ubumwe mu muryango no mu kibano

Umuhanuzi mu buyobozi bukuru bw'iterambere ridakumira avuga ko abakenyenzi ari bo kenshi baba bari hafi y'abana, bakabaha indero nziza ibategurira kuzoba abagabo n'abakenyenzi babushitse muri kazoza, bazogira ico bimariye n'ico bamariye igihugu.

3. Mu rudandazwa no mu myuga itandukanye

Abakenyenzi ntibafise uruhara mw'iterambere ry'igihugu biciye mu burimyi n'ubworozi gusa, no mu bindi bisata bari yo. Abakenyenzi tura-

basanga mu gisata co kudandaza, mu myuga itandukanye, mu ntumbero yo kurwiza amikoro ateza imbere umuryango, ndetse ateza n'imbe-

bw'igihugu kandi aho bari bariko barakora bigashimwa.

4. Mu kuba imboneza z'abandi



re igihugu kuko urudandazwa rwose ruratanga amakori, ikigega c'igihugu kikabomboka, kandi noneho igihugu kitagira umwimbu nta terambere rirarama gishobora gushika ko.

Uruhara rw'abakenyenzi mw'iterambere ry'igihugu, ntiruraba gusa abaciye ku ntebe y'ishure, n'abakenyenzi bataciye kw'ishure bafise uruhara ntangere, kuko haba mu rudandazwa ndetse no mu myuga itandukanye turabasanga yo.

Abarundi n'abarundikazi bomenya ko n'imyuga kera yitirirwa abagabo abakenyenzi bayikora ata nkomanzi, aho tubasanga mu myuga yo kwubaka, mu myuga yo kugendesha ivyuma bifise imoteri no kubikora iyo vyapfuye.

Harihorero n'abakenyenzi baciye ku ntebe y'ishure bari mu buzi butandukanye bugize ubuzima

Umuhanuzi mu buyobozi bukuru bw'iterambere ridakumira avuga ko abakenyenzi b'indongozi na bo nyene bari ku kivi, ari bo bari imbere y'abandi bakenyenzi mu kubabera akarorero mu guteza imbere igihugu. Uwo muhanuzi amenyeshye ko abakenyenzi b'indongozi na bo nyene bafise ibikorwa vy'iterambere bariko bararanga, nko kugira imirima y'akarorero no kworora canecane ibitungwa bitobito kuko basanzwe ari icitegererezo c'abandi.

Abakenyenzi b'indongozi kandi bafashe iya mbere mu kurangura ibikorwa bituma iterambere ry'igihugu ryisununura, kuko basanzwe banafise amahirwe yo kuronka ingurane mu ma banki. Abakenyenzi b'indongozi biragaragara ko bariko baraba akarorero keza mu bisata vy'uburimyi, ubworozi n'ibindi bisata biteza imbere igihugu.

Uruhara rw'umukenyenzi mw'iterambere ry'igihugu

(Bitangurira ku rup.10)

II. Ivyokorwa kugira ngo uruhara rw'abakenyezi mw'iterambere ry'igihugu rugare kuruta

1. Abajejwe intwaro

Nk'uko bibandanya bishikirizwa n'umuhanuzi mu buyobozi bukuru bw'iterambere ridakumira, kugira uruhara rw'umukenyenzi mw'iterambere ry'igihugu rubandanye rwibonekeza, abakenyezi bategerezwa kudatamba birorera. Bategerezwa gushigikirwa n'intwaro kuva hasi gushika ku nzego nkuru z'igihugu. Uwo muhanuzi avuga kandi ko mu gihe icivugo c'umusi mpuzamakungu wahariwe guteza imbere uburenganzira bw'umukenyenzi muri uyu mwaka wa 2024, uhimbazwa ku wa 8 ntwarante uko umwaka utashe kivuga giti "tujane n'umukenyenzi mw'iterambere dushimikiye mu kurwiza umwimbu", umukenyenzi adashigikiwe, utwigo tuiwe ntidushobora gushika kure.

Abajejwe intwaro basabwa gufasha abakenyezi mu kubahirira kugira bakorere hamwe mu ma koperative no kwijukira kuja mu mashirahamwe atandukanye yo kurwiza umwimbu. Abajejwe intwaro bofasha ama koperative y'abakenyezi kuronka aho akorera.

Ku rwego rwa komine ndetse no ku rwego rw'intara, boronsa kope-



native z'abakenyezi aho barangurira imigambi y'iterambere hanini, hotuma bashobora kurwiza umwimbu ubafasha kwiteza imbere no guteza imbere igihugu.

Ikindi na co ni uko iyo habonetse umugambi wa Reta canke uw'abikorera ivyabo ufise intumbero yo gufasha abakenyezi, abajejwe intwaro ni bo bokwerekana amashirahamwe y'abakenyezi ari ku kivi, bagaheza bakaronka iyo n'infashanyo ibafasha kurwiza umwimbu.

Si abajejwe intwaro gusa basabwa gushigikira abakenyezi, uwo ari we wese asabwe kubaba hafi mu bikorwa bitandukanye vy'iterambere, kugira rya shusho ry'igihugu cifashe muri 2040 n'iry'igihugu giteye imbere muri 2060 duhobore kuyishikako ku rugero rushimishije.

Umuntu wese aho ari asabwa gushigikira abakenyezi mu bikorwa vy'iterambere, kuko n'icivugo ca nyene icubahiro Umukuru w'igihugu cacu kivuga giti "turi kumwe twese turashoboye". Iyo abakenyezi bahuri-

kiye mu mashirahamwe, bica vyorohera ababafasha gukurikirana imigambi yabo, urugero iriko iraja mu ngiro, n'infashanyo bakeneye kugira ngo baronke umwimbu ushimishije utuma biteza imbere bagateza imbere imiryango yabo, bagateza imbere n'igihugu. Abagabo bategerezwa gufashanya n'abakenyezi babo mu kurwiza umwimbu, bakongera bakabafasha no kubungabunga umwimbu uba wabonetse, ntihabe kuwusesagura canke ngo ugurishwe ku giro c'intica ntikize. Abajejwe ama banki ndetse n'amashirahamwe atanga ingurane ntonto, bokworohera abakenyezi mukubaha ingurane ibafasha kurangura imigambi y'iterambere.

2. Abashakashatsi mu burimyi n'ubworozi

Abandi basabwa gufasha abakenyezi mu bikorwa vyabo biteza imbere igihugu, ni abari mu gisata c'ubushakashatsi. Boronsa abakenyezi imbuto zirobanuye, kuko zirimbuka ku rugero rushimishije, bakazibegereza ndetse

bakanabereka ubuhinga bugezweho bwo kurwiza umwimbu. Bokwigisha kandi abakenyezi ubuhinga bwo guhingura no kubika umwimbu wabo kugira ngo ntiwononekare. Bokwigishwa kandi ubworozi bwa kijambere cane cane ubworozi bw'ibitungwa bito bito.

3. Abamenyeshamaku-ru

Abari mu gisata co kumenyeshama amakuru botegura ibiganiro ku bikorwa vy'iterambere abakenyezi baba bariko bararangura, kuko ivyo biganiro birafasha abakenyezi bo mu mihingo itandukanye y'igihugu kumenya intambwe abakenyezi bageze ko mu bikorwa vyo kwiteza imbere no guteza imbere igihugu.

Mu gusozera, umuhanuzi mu buyobozi bukuru bw'iterambere ridakumira yaratanze impanuro ku bakenyezi bataratahura ko na bo nyene ari kirumara mw'iterambere ry'igihugu.

Bategerezwa gukura amaboko mu mpuzu, bakijukira ibikorwa vyo kurwiza umwimbu, kuko ni vyo biteza imbere abakenyezi, imiryango n'igihugu, kandi bakongera bakijukira kuja mu mashirahamwe. Bosezerera kandi vya vviyuviro vya kera, aho hari ibikorwa vyitirirwa abaga

Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko

«CPDHPG»

Ntwarante, ukwezi kwahariwe Yozefu Mweranda

Muri Ekleziya, ukwezi kwa Ntwarante ni ukwezi guhariwe Yozefu Mweranda umugenzi wa Bikira Mariya akaba n'umurezi wa Yezu. Ubweranda bwa Yozefu ntaco twobugereranya, muri we tuhasanga ingabirano zose yakuye mu kubungabunga Bikira Mariya na Yezu Umwana w'Imana.

Izo ngabirano ziwe yakoresheje mu bikenurwa vya minsi yose kugira ashobore gutunganyiriza Yezu na Mariya. Abakuru b'Ekleziya bahavuye bamutora ngo abe umuvunyi w'Ekleziya yose. Ni kandi umuvunyi w'ingo n'imiryango n'umuvunyi wa ba serugo mu muryango.

Ukwezi kwa gatatu rero ni akaryo ko kwinjira mu bunywanyi b'Uwabungabunze Umwana w'Imana na Mariya nyina wiwe.

Yozefu mweranda n'abakuru b'Ekleziya.

Papa Piyo w'icenda yaragenye Yozefu mweranda ngo abe umuvunyi w'Ekleziya Katolika abisabwe n'Abepisikopi batari bake. Twokwibaza igituma Papa Piyo w'icenda yamugize umuvunyi w'Ekleziya Katolika?

Yozefu Mweranda yabaye umukuru w'Umuryango Mweranda w'i Nazareti, gurtyo mu maso y'abantu yitwa se wa Yezu Kristu n'umugabo wa Mariya. Iteka, ukwubahwa, ubweranda n'ubuninahazwa abihabwa nico gikorwa co gukingira Umuryango

mweranda w'i Nazareth.

Nk'umugabo wa Bikira Mariya n'umuvuyeyi w'Umwana w'Imana, Yozefu mweranda yaharonkeye iteka rihambaye. Yozefu, asayangana ubweranda kubera yakiriye ishaka ry'Imana ryo kuba umurezi w'Umwana w'Imana.

Niho dutangarira ukwicisha bugufi kw'Imana yemeye kugamburukira Yozefu mu bikenurwa vya misi yose nk'umwana wiwe co kimwe nkuko abandi bana bagamburukira abavyeyi kandi ari Imana.

Yozefu yararanguye na wenyene ico umushingantahe arangura mu rugo rwiwe. Aritwa senaka w'umuryango, arawukingira nkuko abandi bagabo bakingira kandi bakitwararika ibitunga imiryango. Yararanguye neza ico gikorwa Imana yari yamushinze imisi yose y'ubuzima bwiwe.

Kubera igikorwa yarangura co kubaza, yarashoboye kuronka ibitunga umuryango wiwe, arawugaburira, arawambika yongera arakingira umwana Yezu mu kumuhungana Herodi ashaka kumwica

Uwo muryango rero yakingiye, akawutunga no mu buhungiro nyene, niwo wari wihishijemwo Ibuye ryishingiro rya Ekleziya.

Nkuko Bikira Mariya ari nyina wa Yezu Kristu, ni nyina kandi wabo bose bemera Yezu



Kristu akaba yatuvyariye muni y'Umusalaba wa Yezu Kristu ari mu bubabare butagira uko bungana kubera umwana wiwe bari bishe urwo agashinyaguro.

Yezu Kristu rero nkuko Papa Lewo wa cumi na gatatu abivuga mw'ikete ryiwe «*Quamquam Pluries*» yabaye nk'umukristu wa mbere.

Ni ngaho rero Papa Piyo w'icenda abona ko Yozefu mweranda ari umuvunyi w'Ekleziya Katolika, ayibungabunga nkuko yakingiye umuryango mweranda w'i Nazareti iyogi ry'Ekleziya.

Papa Lewo w'icumi na gatatu, kw'igenekerezo rya 15 Myandagaro 1889 mw'ikete «*Quamquam Pluries*» yahamagariye abakristu kugirira amasabo Yozefu mweran-

da basabira Ekleziya. Abasaba ko mu kwezi kw'icumi bahejeje kuvuga i Rozari baheza bakongerako igisabisho co gusaba Yozefu mweranda. Ashinga ko abazovuga bose ico gisabisho bazoronka indulujensiya y'imyaka indwi.

Ico gisabisho kirakirwa n'abakristu bituma mbere ibihugu bimwe bimwebishinga ko ukwezi kwa Ntwarante kuba ukwahariwe Yozefu Mweranda.

Tubibutse ko Papa Francisiko, mu kugaragaza ubukandizi bwa Yozefu mweranda yashinze umwaka wa 2021 ngo ube umwaka witirirwa Yozefu mweranda. Akaba hariho igisabisho ca Yozefu mweranda yama ahereza imisi yose haciye imyaka 40 akivuga.

M S V Marie Goreth Ndikumana